Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (55 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (55 KB)

# ULLÍ QAZAQ ShAYÍRÍ HÁM OYShÍLÍ ABAY QUNANBAEVTÍŃ DÓRETIWShILIK MIYRASÍN KEŃNEN ÚYRENIW HÁM ÚGIT-NÁSIYaTLAW HAQQÍNDA

Ullı aǵartıwshı shayır hám oyshıl, jaqsılıq hám doslıq jırshısı Abay Qunanbaevtıń maqtanıshlı ismi hám bay dóretiwshilik miyrası tek ǵana qazaq xalqınıń emes, al, sonıń menen birge, pútkil túrkiy xalıqlardıń, sonıń ishinde, ózbek xalqınıń da júreginde máńgi jasap kelmekte.
Ózbekstan hám Qazaqstan mámleketleri arasındaǵı doslıq hám birge islesiw qatnasıqları jańa basqıshqa kóterilip atırǵan búgingi kúnde Abay Qunanbaev sıyaqlı ullı oyshıllardıń óshpes miyrası xalıqlarımız ushın bunnan bılay da úlken mániske hám áhmiyetke iye.
Abay Qunanbaevtıń ulıwma insanıylıq qádriyatlar hám miyrim-shápáát sezimleri joqarı perdelerde jırlanǵan jetik kórkem shıǵarmaları, ibratlı ómiri hám miynet jolı menen xalıqlarımız mádeniyatınıń rawajlanıwına qosqan úlken úlesin espaqa alıp jáne óz-ara mádeniy-gumanitarlıq baylanıslardı bunnan bılay da rawajlandırıw, el-jurtımızdı qazaq ádebiyatınıń ullı ǵayratkerleriniń dóretiwshiligi menen keńnen tanıstırıw maqsetinde:
1. Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministrligi, Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, Xalıq bilimlendiriw ministrligi, Sırtqı isler ministrligi, Ózbekstan Baspasóz hám xabar agentligi, Ózbekstan Jazıwshılar awqamı, Ózbekstan Ilimler akademiyası, Respublikalıq Ruwxıy-aǵartıwshılıq orayı, Ministrler Kabineti janındaǵı Milletleraralıq qatnasıqlar hám shet eller menen doslıq baylanısları komiteti hám jámiyetshlik wákilleriniń xalqımızdıń tuwısqan Qazaqstan xalqına, onıń biytákirar ádebiyatı menen mádeniyatına, aydın keleshegine bolǵan húrmeti iseniminiń ayqın kórinisi sıpatında elimizde ullı qazaq shayırı hám oyshılı Abay Qunanbaevtıń dóretiwshilik miyrasın keń túrde úyreniw hám úgit-násiyatlaw haqqındaǵı usınısları maqullansın.
2. Ullı qazaq shayrı hám oyshılı Abay Qunanbaevtıń dóretiwshilik miyrasın keń túrde úyreniw hám úgit-násiyatlawdı shólkemlestiriw boyınsha shólkemlestiriw komiteti (keyingi orınlarda Shólkemlestiriw komiteti dep ataladı) quramı qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.
3. Shólkemlestiriw komiteti bir ay múddette Abay Qunanbaevtıń dóretiwshilik miyrasın keń túrde úyreniw hám úgit-násiyatlaw boyınsha ilajlar rejesin islep shıqsın.
Bul ilajlar rejesinde:
Abay Qunanbaevtıń saylandı shıǵarmaların hám «Ózbek hám qazaq ádebiy baylanısları» atamasında ádebiy-talqılaw maqalalar toplamın baspaǵa tayarlaw hám basıp shıǵarıw;
Nizamiy atındaǵı Tashkent mámleketlik pedagogika universitetinde «Abay hám ózbek ádebiyatı» atamasında turaqlı ekspoziciyanı shólkemlestiriw;
hár jılı shayır tuwılǵan 10-avgust sánesinde Tashkent qalasında ornatılǵan Abay Qunanbaevtıń esteligine gúl qoyıw máresimin hám mushayra ótkeriw;
oqıwshı hám student-jaslar arasında «Abay shıǵarmalarınıń bilimdanı» jabza jumıslar tańlawın ótkeriw;
ǵalaba xabar quralların da Abay Qunanbaevtıń ómiri haqqında dúrkim kórsetiwler menen esittiriwler, maqalalar berip barıw;
Abay Qunanbaevtıń ómiri hám dóretiwshilik jolı haqqında jaratılǵan kórkem hám hújjetli filmlerdi Ózbekstan Milliy teleradiokompaniyası telekanalları arqalı kórsetiw;
Elimizdegi joqarı hám orta arnawlı, kásip-óner, ulıwma orta bilimlendiriw mákemeleri, áskeriy bólimler, miynet jámáátleri, hám máhállelerde belgili shayır hám jazıwshılardıń, ilimpazlardıń qatnasıwında ushırasıwlar, ádebiy kesheler shólkemlestiriw ilajları názerde tutılsın.
4. Ózbekstan Milliy málimleme agentligi, Ózbekstan Milliy teleradiokompaniyası, «Jahon» málimleme agentligi hám basqa da ǵalaba xabar quralların a qarardıń orınlanıwına baylanıslı ilajlardı keńnen sáwlelendiriw usınıs etilsin.
5. Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikasınıń Bas ministri A.Aripovqa hám Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Mámleketlik keńesgóyi X.Sultanovqa júklensin.

Ózbekstan Respublikası
Prezidenti Sh.MIRZIYOEV,

Tashkent qalası,
2018-jıl 13-mart

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- Ministrler Ken'esi
- Statistikaliq ha'm analitikaliq ma'gliwmatlar
- Ministrlikler ha'm vedomstvolar
- Qala ha'm rayon ha'kimlikleri
- Hu'jjetler
- Respublika miymanlarina
- Elektron hu'kimet
- Interaktiv ma'mleketlik xi'zmetler